

**WE ARE YOUR DOL**



Department  
of Labor

A proud partner of the American Job Center network

# FWA VITYÈL SOU KARYÈ PWOFEYONÈL MINISTÈ TRAVAY ETA NOUYÒK (NYS DOL VIRTUAL CAREER FAIRS)

Yon Resous pou Moun k ap Chèche Travay

## KISA KI YON FWA VITYÈL SOU KARYÈ PWOFEYONÈL?

Yon fwa vityèl sou karyè pwofesyonèl se yon solisyon dinamik pou ede moun k ap chèche travay yo soti nan limit evènman rekritman tradisyonèl yo. Nan ba yo yon platfòm sou entènèt, Ministè Travay Eta Nouyòk (New York State Department of Labor) rann li posib pou moun k ap chèche djòb konekte avèk antrepriz de fason vityèl an tan reyèl, pandan y ap kenbe sansasyon fanmiye a ak rezilta pozitif yon evènman fizik.

## PLATFÒM SOU ENTÈNÈT LA

Ministè Travay Eta Nouyòk kontan anpil pou li entwodui nouvo anvivonman dijital sa a k ap pèmèt ou chèche antrepriz ak pozisyon, aplike pou djòb, epi konekte avèk moun k ap fè rekritman.

Patikilarite sa yo se:

- Konsepsyon adapte sou aparèy mobil avèk kapasite itilize ilimite
- Kapasite pou w patisipe nan atelye travay ak gade videyo ki kapab ede w
- Kapasite pou w pataje cv w avèk moun k ap fè rekritman

## FASON L FONKSYONE:

**Mete w prè!** Mete cv w la jou

**Enskri!** Enskri davans epi mete cv w

**Patisipe!** Jounen apèsi pou patipan ak jounen evènman an dirèk la

- Gade videyo Ministè Travay Eta Nouyòk yo – “Navige sou Fwa Vityèl pou Djòb la ” ak “Kijan pou w pa antre nan yon Fwa Vityèl sou Djòb”
- Gade djòb yo poste yo epi vizite afich yo
- Konekte avèk moun k ap fè rekritman pandan jounen evènman an dirèk la
- Kontinye navige sou afich yo ak opòtinite pou djòb jiska demen maten

**Swivi!** Remèsye antrepriz yo epi mande pou pwochen etap yo

## JOUNEN APÈSI

Jounen apèsi a ap fèt nan jou avan evènman an ak jiska kòmansman evènman an dirèk la. Nan jounen apèsi a, ou ka navige afich yo ak opòtinite anplwa avan evènman an dirèk la pou w vin abitye avèk sit evènman an dirèk la.

## JOU EVÈNMAN AN DIRÈK LA

Evènman an dirèk la se lè w ka navige afich moun k ap afiche travay yo ak divès opòtinite anplwa, ak konvèsasyon avèk divès moun/antrepriz k ap fè rekritman.

## AVANTAJ

- Analize antrepriz yo ak djòb ki poste yo avan jou evènman an dirèk la
- Chèche antrepriz ak opòtinite sou baz endistri (domèn) oswa lokal
- Konvèsasyon an prive avèk antrepriz yo pou prezante w ak diskite sou opòtinite anplwa yo
- Ekonomize lajan ak tan enpòtan nan patisipe, konekte ak pataje cv san pa kite konfò lakay ou

## SIPÒ TEKNIK

Pèsonèl Ministè Travay Eta Nouyòk yo (NYS DOL) pral sipèvizite tout pwosesis la nèt epi bay sipò teknik pou w navige sou sit evènman an dirèk la.

Patisipe nan yon Atelye Travay, ki fèt chak Lendi, pou yon demonstrasyon an dirèk e vizite sit la!

## NAVIGATÈ GOOGLE CHROME WEB

Google Chrome se navigatè ki rekòmande pou w enskri epi patisipe nan evènman an dirèk la. Lòt navigatè yo ka gen difikilite pou yo konekte a sit la.

## KONTAK

Pou plis enfòmasyon oswa enskri pou yon fwa vityèl sou karyè pwofesyonèl ki pral fèt, kontakte Ekip evènman Vityèl nou an nan [VirtualJobFairs@labor.ny.gov](mailto:VirtualJobFairs@labor.ny.gov)